# kiy jokk mbokk du kiy faye liñuko jokk, waaye kiy jokk mbokk mooy ki nga xam ne bu ñu dogee ag mbokkam mu jokk ka ko dog

Jële nañu ci Abdulaa Ibn Amr -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «kiy jokk mbokk du kiy faye liñuko jokk, waaye kiy jokk mbokk mooy ki nga xam ne bu ñu dogee ag mbokkam mu jokk ka ko dog.

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne nit ku mat ci jokk bokk ak rafetal jëme ci jegeñaale yi nekkul nit kiy fay rafetal cig rafetal, Waaye jokk-katu mbokk dëgg mooy ki nga xam ne bu ñu dogee ag mbokkoom mu jokk ko, bu ñu ñaawalee jëme ci moo; dakoy faye ag rafetal jëme ci ñoom.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3854